

# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Nuh Sareng  
Caah Gede



Ditulis ku: Edward Hughes  
Ilustrasi/juru gambar ku: Byron Unger; Lazarus  
Disaluyukeun ku: M. Maillot; Tammy S.  
Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin  
Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)



BFC  
PO Box 3  
Winnipeg, MB R3C 2G1  
Canada

©2011 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak  
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Nuh teh jalmi anu taat  
ka Gusti, unggal dinten  
pasti muji ka Gusti.  
Jalmi anu sanesna mah  
teu taat ka Gusti.



Dina hiji dinten Gusti nyarios  
ka Nuh, ngeunaan hiji hal  
anu matak pikareuwaseun  
"Kaula bakal ngancurkeun  
alam dunya anu jahat ieu

"Gusti nyarios  
deui ka Nuh

"Ngan  
maneh jeung  
kulawarga maneh  
wungkul

anu bakal  
salamat."




Gusti ngemutkeun ka Nuh yen caah  
teh bakal datang sareng nutupan  
sakuliah dunya.



"Sok geura nyieun bahtera anu gede pisan pikeun kulawarga maneh jeung sagala rupa sasatoan" Gusti marentah ka Nuh.

Gusti masihan parentah anu jelas sareng rinci ka Nuh, atuh Nuh teh janten jalmi sibuk.






Panginten jalmi-jalmi  
sejenna moyokan ka  
Nuh, waktos Nuh  
ngajelaskeun  
alesanana  
naha

Nuh bet  
ngadamel  
bahtera.  
Tapi Nuh tetep  
we ngadamel  
bahtera eta.





Anjeuna oge  
tetep nyarioskeun  
ngeunaan Gusti ka  
jalmi-jalmi  
anu aya

disabudeureunana.  
Tapi teu aya saurang  
oge anu percanten  
kana sasauran  
Nuh.





Nuh teh ngagaduhan iman  
anu teguh, Anjeuna leres-  
leres percanten ka Gusti,  
kitu oge kulawargana,  
sanajan hujan teu acan  
turun, ...



... tapi Bahtera the  
tos siap, sadaya anu  
diperyogikeun oge ku  
Nuh tos disiapkeun.




Ayeuna sagala rupi saastoon daratangan. Gusti  
nyandak tujuh tina unggal jenisna, sareng dua tina  
jenis anu sanesna.




Manuk ageung, manuk alit, sasatoan anu galak, anu  
begang, anu jangkung daratangan ka Bahatera Nuh.




Panginten jalmi sanes mah  
sarurak maroyokan Nuh,  
waktos Nuh ngeusian  
bahterana ku sagala  
rupi sasatoan.



Maranehna teras-terasan ngalakukeun  
kajahatan, ka Gusti ngalawan.  
Maranehna ge teu  
haroyongeun lalebet  
kana bahtera  
Nuh.



Ahirna sasatoan,  
manuk-manuk lalebet



kana bahtera  
Nuh, "Sok  
ayeuna asup  
kana bahtera  
eta" Gusti  
marentah ka Nuh.

"Maneh jeung pangeusi  
imah maneh" Nuh, istrina  
purtana tilu, minantuna  
lebet kana bahtera eta, teras  
Gusti anu nutup pantona.





Teras  
turun  
hujan. Hujan  
ageung teras-terasan  
dugika opat puluh dinten opat puluh  
wengi, kota-kota, desa-desa, sakuliah  
dunya janten kakeueum ku cai.








Waktos  
hujan tos liren,  
gunung-gunung oge janten  
kakeueum cai, sadayana mahluk  
hirup teh janten paraeh.





Waktos cai nyeueuran,  
bahtera Nuh the  
angkleung-angkleungan  
dihuhureun cai. Panginten  
dilebetna teh poek,  
oyag-oyagan, panginten  
oge pikasieuneun. Tapi  
ieu bahtera teh janten  
tempat panyalindungan  
Nuh tina cai bah eta.





Saatos 5 sasih, Gusti ngintunkeun angin, lalaunan eta bahtera the kabawa kadarat di hiji gunung anu namina Gunung Ararat. Nuh masih keneh di lebet bahtera salami

opat puluh dinten dugika caina

saat.






Nuh ngaleupaskeun manuk gagak sareng japati tina jandela bahtera. Tapi manuk eta teh uih deui ka bahtera Nuh, margi teu acan mendakan tempat anu garing.




Saminggon ti harita, Nuh nyobian deui  
ngalepaskeun  
japati,



eta japati teh uih deui  
ka Nuh nyandak daun  
zaitun dina papatukna.  
Mingguon salajengna Nuh  
terang yen bumi teh tos  
garing, sabab japati eta  
teu uih deui ka  
bahtera.




Gusti nyaur ka Nuh yen ieu teh waktosna kanggo kaluar tina bahtera. Sasarengan, Nuh sareng kulawargana ngaleupaskeun sasatoan.



Kacida bingahna Nuh teh waktos harita.

Anjeuna ngadamel altar, teras muji Gusti,  
anu parantos  
nyalametkeun  
Nuh sareng  
kulawargana  
tina cai bah anu  
pikasiuneun.






Gusti masihan  
hiji jangji anu  
luar biasa ka Nuh.  
Moal sakali-kali  
deui Gusti nurunkeun  
caah anu ageung pikeun  
nghukum dosa

manusa. Gusti  
masihan hiji tanda  
kanggo janji-Na. Anu  
janten tanda eta teh  
nyaeta katumbiri.



Nuh sareng  
kulawargana  
mendak hiji jaman anu enggal  
saatos kajadian caah eta teh.  
Dina waktos harita, turunan  
Nuh, minuhan sakulah  
dunya,

sadaya bangsa  
di alam dunya ieu.



Nuh Sareng Caah Gede


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 6-10

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse



3



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

